Мэлыжьыхьым и 21-р ЩЫПІЭ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм и махуэщ

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№№71-72 (22.480) • 2013 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 20, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 6-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Зыужьынытъэм и гъуэгукІэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щекІуэкІащ ди щІыналъэм и дежкІэ политикэ, экономикэ, жылагъуэ мыхьэнэ мн эмІэ зэлущІэ. КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен зыхуигъэзащ республикэм и Парламентым.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдкІыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхэсымрэ Къэрал Думэмрэ я депутатхэу **Бечелов Ильяс, Гекимов Заур, Къэжэр Альберт, ЩІхьэгъуэш Адэлбий,** УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и Аппаратым КЪБР-м щиІэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Александр**, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, КЪБР-м и Конституцэ, Арбитраж судхэм я унафэщІхэр, ХэхакІуэ комиссэм и пашэр, КЪБР-м и Жылагъуэ, Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэхэм я тхьэмадэхэр, Пенсэ, Сабий фондхэм, республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, РАН-м и КЪБЩІЦ-м епха щІэныгъэкъэхутакІуэ институтхэм я унафэщІхэр, хабзэхъумэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапізхэм, профсоюзхэм, политикэ, жылагъуэ, дин зэгухьныгъэхэм я лІыкІуэхэр, КЪБР-м ЦІыхум и хуитныгъэхэмкІэ щыІэ уполномоченнэр, щІыналъэм и кьалэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр кьыз3Іуихащ КЪБР-м и Парламентым и Унафащі **Чеченов Ануар.** Къыхэлъхьа Іуэхугъуэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ хуищІа ныжь, абы псалъэ иритащ республикэм и Іэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен**.

- Республикэм и политикэ, экономикэ, социальнэ щІытыкІэр уб3ыхунымкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуэзгъаз3м, сыту жыпІэмэ, хабзэ хуэуз, мыпхудэ щІыкІэм тету къыдопщытэж блэкІа илъэсым зэфІэдгъэкІахэмрэ дызыхунэмысахэмрэ, адэкІэ абыхэм ятещІыхьарэ щІыналъэ зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ кьалэныщІэхэр зыхудогъэуныж, - къыхигъэщащ Къанокъуэм. Абыхэм я нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьыныр3щ, абы и цІыхуэм я псэукІэр егъэфІакІуэныр3щ.

2013 гъэм республикэм кьыпащІыпІ къалэнхэр иубзыхуурэ, Къанокъуэ Арсен къытеуВыІащ щІыналъэм зы1эригъэхьа екъулІэныгъэхэм. Абы жиІащ Правительствэм экономикэ политикэ тэмэм зэрыригъэкІуэкІыр, абы и щІыхьэту ди зыужьыныгъэр зыгъэнэІуэ бжыгъэхэр кьихьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, 2011 гъэм епльытмэ, 2012 гъэм республикэм кьыщалъэжьа продукцэм проценти 5-кІэ зэрыхэхьуар, лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэр процент 10,8-м кьикІыу 8,9-м зэрынэсар, улахуэр нэхьыбэ зэрыхьуар, нэгъуэщІхэри.

- Дэтхэнэ ди текІуэныгъэми я лъабжьэр инновацэхэрщ, технологие пэрытхэрщ, - жиІащ республикэм и Іэтащхьэм. - Ахэр щэщІауэ кьыщыдогъэсэбэп экономикэм и унэтІныгъэ куэдым. Гулъытэшхуэ зыхуэтщІхэм ящыщщ щІыналъэм промышленностым зыщыгъэжьыныр, псэупІэ унэу щыдухуэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр, псэупІэ-коммунальнэ Іэнатіэм епха Іуэхугъуэ псори гъэтэмэмыныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Унафэщіым зэрыжиІамкІэ, блэкІа илъэсым кьриубыдэу зыужьныныгъэфІ игъуэтащ мэкъумэш Іэнатіэм, хьэрычэт цІыкІумрэ ику итымрэ лъэ быдэкІэ уващ. Республикэм адэкІи хигъэхьуэнущ хамэ къэралхэм яхуиІэ экономикэ пІщІэныгъэхэм. Ар еф1экІэ1эн щхьэкІэ, Іэмал псори кьызэгъэпэщІапхъэу кьилъытащ.

Республикэм и Іэтащхьэм КЪБР-м и Парламентым Зэрыз3ыхуигъаз3м гулъытэ хэха зыщыщІащ сабий куэд з3ыпІ унагъуэхэм. Гъунэгъу субъектхэм абыкІэ я1э Іуэху бгъэдыхьэкІэ пэрытыр къэгъэсэбэнэрэ, унагъуэшхэхэм ирэнатІэм нэхъ сэбэп хуэ лэжьыгъэ з3мыпІэужьныгъуэхэр. Апхуэдэу а дэфтэрым щыпІэ хэха щызэгъуэтахэм ящыщщ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, транспортым, щэнхабзэм, спортым, курорт Іуэхум, социальнэ з3ыужьныныгъэм; псэуныгъэм и нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэм епха Іуэхугъуэхэр. Ди щІыналъэм мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ щытепщэу, пщэдэйрей махуэмкІэ фІэщхъуныгъэ тхэлъу дыпсэуфыныр власти и кьалэн нэхъыщхьэм къыпащщу кьыпльытащ Къанокъуэм. АбыкІэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я пщэ кьалэнышхуэ кьыз3эрыдэхуэрэ жиІащ.

- Зэ1уу, зэкъуэту делэжьын хуёщ кьыпт3щхьпІэ кьалэнхэр зэфІэхьным, дэтхэнэми лъэкІыр хилъхьапхъщ ди псэукІэр егъэфІэкІуэным. Апхуэдэ щІыкІэм тетущ власткэр щыхьбэм зэрадэлэжьын хуёйр. ИтІанэщ ди мурадыфІхэм дащыльэІсэынр, бэм кьыдагъэза дзыхьыр щыдгъэпэжьфынур, - и псалъэм и кІэухыу кьыжиІэщащ Къанокъуэм. - Пэжу икІи хьэлэлу дахуэлэжьнщ щІыхуэм.

Адэкіэ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм жиІащ З3рызэхуэгъаз3м зыужьщІыныгъэ, зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ з3риІэр. Абы ипкъ иткІэ я1ща унафэм и проектыр псори зэдзаРэзыуэ кьащтащ.

З3ІущІэм и кІэухыу Къанокъуэ Арсен кьыз3хуэсахэм ехьэхъуэщ къэблэгъа майм махуэшхуэхэмкІэ, ехьэлІныгъэрэ узынщагъэрэ я1ыну зэригуапэр жиІащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Щ1ЫПІЭ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэм и махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым 2012 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м кьыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ, ди кьэраным мы гъэм я1э дыдэу щагъэльапІэ ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэм и махуэр. Мэлыжьыхьым и 21-м ар щІыхуагъэзам щхьэусыгъуэ иІэщ. 1785 гъэм мис а махуэм кьыдэкІауэ щытащ Урысейм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и законодательствэм и зыужьныныгъэм и лъабжьэр зыз3ытыльа грамотэр.

Иужьрей гъэхэзэм ди республикэм куэд щызэфІагъэкІащ щІыпІэ унафэр зэрызэрагъакІуэр егъэфІэкІуэным, муниципальнэ реформэр егъэкІуэкІыным я лъэныкъуэкІэ. Абы папщІэ зыхуеину закон лъабжьэхэр зэтрагъэуващ. Властым и органу езы щІыналъэхэм щыІэхэр кьалэнхэр щІыкІэ зэрагъэгъэкІуэнущ унафэ пІуныкІахэр кьащтэу хуежьащ. ЩІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ советхэм я депутатхэр кІуэтэху Іуэхум нэхъ хуэІэкІуэлъакІуэ мэхъу, цІыхухэми абыхэм хуащ дзыхьым хохьуэ.

Ауэ, а псоми кьадэкІуэу, дэ кьыдгуроІуэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ нэхъ сэбэп хуэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыу хуежьэн папщІэ, иджыри куэд кьыз3ыриттэщытыр. Псом я1э зэтегъэувэн хуейщ муниципалитетхэм я Іуэхуэхэр дагъэкІын папщІэ зыхуеину ахъшэр езыхэм кьызэрагъэпэщыжу. Абы папщІэ, дэ дэтхэнэ муниципальнэ районми, кьалэ округми, дэтхэнэ жылагъуэми и экономикэ зэфІэкІыр гъэбыдэныкІэ дыдэ1эпэныкъуэщ икІи абыхэм я щІыналъэхэм иджырей Іуэхущапізхэр кьыз3эрыщыз3эдгъэпэщыным, бизнесым и Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ, фермер, мэкъумэшыщІэ хозяйствэхэр зэрыщыз3этедгъэувэным дьхуэщІжьэщщ.

Сэ3эпынагъ кьихьу лажьэ къэралыр - ар цІыхум хуэлажьэ къэралырщ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхухэм я зи чэзу социальнэ Іуэхуэхэр дэгъэкІыным, псэукІэр егъэфІэкІуэным я лъэныкъуэкІэ муниципальнэ властым ихь жэуапІэр кьЭ3этыным. Республикэм и кьэрал властым и органхэр кьапщтэмэ, ахэр щІыналъэхэм щыІэ властым з3пымыуэ дэ3эпэныкъуэщ социальнэ инфраструктурэм зегъэужьынымкІэ, щІыналъэхэр зэІуэпэщ щІынымкІэ.

Щэч кьытесхъэркъым республикэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и Іэнатіэр цІыхухэм я сэбэп зыхэльхэм я кьыщыхэщыжакІуэу, дыщальхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм жылагъуэ-политикэ з3пІэрэзрытыныгъэ, мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ щІы3ныкІэ щэсапІэу дяпэкІи зэрыщытынум.

● Промышленность

ЩІыналъэм щыпашэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым нуэрыфеи нэхъеитхуэ екъулІэныгъэкІэ зежь.

Я Іэдакъэщ1экІыу щэхуакІуэхэм хурагъашэм, дэжьыгъэрэ Іуэхутхьэбзэу зэфІагъэкІым 2007 гъэм елъытауэ сом мелард 24,9-рэ и уасэкІэ хэхьуащ икІи нэгъабэ сом мелард 41,5-м нэсащ.

Илъэс кІуам продукцэу Іуригъаз3щащ, дзжьыгъэрэ Іуэхутхьэбзэу яГъэхэщащ сом мелард 41-рэ мелуан 526,2-рэ и уасэ. Абы щыщу сом мелуан 58,6-р (щэхуакІуэхэм хурагъашам и процент 0,1-р) - хьугъуэфыгъуэхэр кьыщІэзыхьэм, мелард 33-рэ мелуан 441,1-р (процент 80,5-р) - сырыем елэжь Іуэхущапізхэм, сом меларди 8-рэ мелуан 26,5-р (процент 19,4-р) электрокъарукІэ, газкІэ, псыкІэ кьыз3эзыгъэпэщ, ахэр ятезыгуашэ Іэнатіэхэм хуоз3.

Промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр нэгъабэ процент 118,6-м нэсащ (УФ-м ар процент 102,6-рэ щыхъуащ). Абы щыщу хьугъуэфыгъуэхэр кьыщІэхьным - проценти 125,6-м, сырьем елэжьыным - проценти 120,2-м, электрокъарукІэ, газкІэ, псыкІэ кьыз3гъэпэщыныкІэ ятегуэшэныкІэ проценти 111,9-м щыиэсащ.

2008 - 2012 гъэхэм къриубыдэу промышленностым кьыщІигъэкІым и индексыр проценти 145-м фІэкІащ. АбыкІэ республикэр КИФЩІ-м щыпашэщ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

● Губгъуэ лэжьыгъэхэр

Зэран хуэхъунукъым

е кьапэщытым и процент 12-м, тращІащ. Бжьыхьэсэхэм щыщу гектар мин 42-рэ ягъэпшэращ. Ар ЯІэм и процент 70 мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэкІэ губгъуэ лэжьыгъэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрыхуэхьэзырымрэ гъатхэсэм пасэу зэрыщІадзамрэ кьапльытэмэ, махуэ зыбжанэкІэ зэрыгуэнур агротехникэм и пІалъэхэм зэран хуэхъунукъым.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапізэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр тыным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Я Іэщ1агъэм зэрыхуэІэзэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын:

Павленко Игорь Владимир и къуэм -Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ къулыкъущІапІэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ и центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым

Рябко Николай Юрий и къуэм -Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ къулыкъущІапІэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ и управленэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м
№55-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м кьыдигъэкІа Указ №181-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, **унафэ сощІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пыухыкІауэ хэтхэм я Іуэхухі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 14-м кьыдигъэкІа Указ №181-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи абы хэгъэхьэн мы кьыкІэльыкІуэхэр:

Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхьэ хьыбарегъащІэ ІуэхущапізхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгухьныгъэхэмкІэ и министрыр

Фыдэ Руслан Борис и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр.

2. Мы Указым кьару егъэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм мэлыжьыхьым и 16-м
№56-УГ

■ Щэнхабзэ ■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Махуэзэпс

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Гъуэгуанэ ■ Щ1бэт кьыдкІыгъуэ ■ Мальхъэдис

Ди къуэш республикэхэм

Скиф пщым и тахьтэ

АДЫГЕЙ. ***Дуней псом щыщІэрыІуэ дыщэкІ Еутых Іэсият скиф пщыхэм я тахьтэ гъэщІэгъуэн игъэхьэзыраш. Адыгейм и щІыхьбэ сурэтыщІым япэу ар утыку къыщрихьэнущ Дон Іус Ростов щекІуэкІыжьу и выставкэм.***

ЖЭЗЫМ кьыхэщІыкІа, дыщэпс зытегъэлъэда, екІуу гъэщІэрэщІа тахьтэм килограмм 50 и хьэльагъщ, метри 2,5-рэ и лъагэщ.

Бутых Іэсият илъэс ныкъуэкІэ зэлэжьа и Іэдакъэщ1экІыр гъэщІэгъуэным зыщыщымэну, тельыджэщ. Скифхэм хьэкІэжхъуэкІэхэр кьыз3рагъэльаРуэу щыта гъуэзджэм и тепльэ зиІэ тахьтэм и Іэ тельхьэпІэхэм пщым хуэдэу барсхэр тесщ.

ГъущІым елэжь бзаньхугъэ цІэрыІуэм и Іэдакъэщ1экІхэр мы гъэм къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэлъэгъэзунущ.

Сом меларди 8 хилъхьэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Къэрэшей-Шэрджэсым цемент къыщыщІагъэкІ завод щыухуэным сом меларди 8 хилъхьэнущ «Евроцемент гуп» холдингым. Абы техуэу зэгурыІуэныгъэм Черкесск Іэ щытрадзащ республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, холдингым и президент Скороход Михаил, «Кавказцемент» щІыпІэ компаниием и унафэщІ Степанов Владимир сыт.***

ТЕМРЕЗОВ Рашид кьыз3эрыхигъэщамкІэ, а зэгурыІуэныгъэм Іэмал кьитыну иджырей «Кавказцемент» Іэнатіэр сыт и лъэныкъуэкІи ирагъэфІэкІуэну. Абы республикэм и рынокыр фІагъ зиІэ хуэхэныгъэ материалхэмкІэ кьыз3ригъэпэщынущ, адрей щІыналъэхэми цемент хуауТыпщыфынущ.

- Іуэхур зыгетыр иджырей мардэм езэгъыу заводыщІэ, и лъэщагъыр иджыпсту лажьэм нэхърэ процент 25-кІэ нэхъыбэу, уху3ныщ. З3ахъуэкІныныгъэхэр илъэси 3-4-м зэфІэдгъэкІыну, 2016 гъэм цемент кьыз3эрыщІагъэкІ технологиещІэхэм дыхуэзІэуну ди мурадщ, - жиІащ Скороход Михаил.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

МЫ МАХУЭХЭМ

Мэлыжьыхьым и 20, щэбэт

n Астрономием и дунейпсо махуэщ

n 1656 гъэм Урысейм гъуэплъэ ахъшэ кьыщежьащ.

n 1937 гъэм Прохладнэ станицэр кьалэ хъуащ.

n КЪБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ **Сындыку Тобий (Анатолэ)** кьыз3эралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

n Режиссёр, УФ-ми КЪБР-ми гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лжьакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Теувж СультІан** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

n КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист **НэщІэпыджэ Ибрэхьим** кьыз3ралъхуэр илъэс 80 ирокъу.

n УФ-ми КЪБР-ми щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Джырандокъуэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

n КЪБР-м и цІыхубэ усакІуэ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Анкъан Руслан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыз3эритымкІэ, Налшык пщэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 8 - 9 щыхьунущ.

Мэлыжьыхьым и 21, *тхьэмахуэ*

n Дэн эрэм и пэкІэ 753 гъэм Ромул пащтыхьым Италием и щыхьэр Рим иухуащ.

n 1920 гъэм Налшык цІыхубэ хозяйствэм и щІыналъэ совет къыщыз3эрагъэпэщащ.

n 1921 гъэм Налшык Лъэпкъ музей къыщыз3ІуахащІ.

n Инджылызым и пащтыхь **Елизаветэ ЕтІуанэм** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

n УФ-ми КЪБР-ми щІыхь зиІэ я артисткъ, КЪБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **ЖъакІэмыхъу КІуиэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыз3эритымкІэ, Налшык пщэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 8 - 9 щыхьунущ.

Мэлыжьыхьым и 22, *блыщхьэ*

n ЩІым и дунейпсо махуэщ

n Бзэщ1эныгъэ1, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ, КЪБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Елбэрд Хьэсэн** кьыз3ралъхуэр илъэси 127-рэ ирокъу.

n Политик щ1эрыІуэу, большевикхэм я партым и кьыз3эпэщакІуэу щыта **Ленин (Ульянов) Владимир** кьыз3ралъхуэр илъэси 143-рэ ирокъу.

n Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щІыныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **МэкІуІгІей Абдулэхь** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым къыз3эритымкІэ, Налшык пщэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, уэщх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 13, жэщым градуси 6 - 9 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырыр
ЖЪЭКІЭМЫХЪУ Мариэт.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

ІУЛЪХЪЭ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралажьэм е елэжьыну зэрызагъэзыхьэзырым теухуауэ хъыбархэм фыщыгъуаз3эм, сыт хуэдэ з3ямкІи фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щыІэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Дунейр къыз3ырз3Іыхьэм кьыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэм гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр кьыз3ригъэувыІащ. Иужьрей махуэхэм республикэм и щІыналъэм уэшхрэ уэсрэ з3щІэлъу кьыщох.

МЭЛЫЖЬЫХЬМ и 15-м зэрыщытам тепщІыхьмэ, илъэс кІуахэм ельытауэ мы гъэм махуэ 10-кІэ я1э иту сэнэр ирагъэкІуэкІыр: кьэкІыгъэ пасэхэр гектар мин 26-м, гектар мин 42-рэ ягъэпшэращ. Ар ЯІэм и процент 70 мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэхэр губгъуэ лэжьыгъэхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрыхуэхьэзырымрэ гъатхэсэм пасэу зэрыщІадзамрэ кьапльытэмэ, махуэ зыбжанэкІэ зэрыгуэнур агротехникэм и пІалъэхэм зэран хуэхъунукъым.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущапізэ.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

ЗауэфІрэ дауэфІрэ щыІэкъым.

ЦІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр япэ идгъэщу

2013 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Урысей Федерацэм япэ дыдэу щагъэлъапІэ къэралпсо махуэшхэр - ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм и махуэр. Мы махуэшхэр щагъэлъапІэнымр трагъэхуагъ урысей махуэгъэпсым кьыхэщ тхыдэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхум: 1785 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м пащтыхь Екатеринэ ЕтІуанэм кьыдигъэкІащ «Урысей империем и сэбэп зыхэлъхэмрэ абы щызекІуэ хуитыныгъэхэмрэ я грамотэр» - Урысейм и кьалэхэм �ІэнатІэ хах органхэмрэ щыпІэ унафэр зегъэкІуэным и Іуэху кьыхэщхъэ щхьэхуэзэрэ кьыхэзгъэпэщ закон актыр.

Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и муниципальнэ органхэр нобэ, шэч хэмылъу, ди жылагъуэм социально-экономикэ зэхъуэкІыныгъэхэр щегъэжІуэкІыныкІэ лъабжьэу уваш. КьыщыгъэрагъэпэщагъащІэ япэ зэманым и гугъуехьхэр кьыхэзгинэкІри, КьБР-м щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и ІэнатІэм хуэзфІэкІащ ди щыхуэхэм я псэукІэр нэсу егъэфІэкІуэныжьмкІэ пщІэхуэрэ зэфІэкІэрэ зыбгъэдэлъ органу зыкьыгъэлъэгъэнэ. Кьуажэ, кьалэ жылагъуэхэм, кьалэ округхэмрэ муниципальнэ унафэхэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и ІэнатІэхэм я нэхьыбапІэмкІэ щылажьэр зи Іэщагъэм нэгъэсауэ хуэІэзэ, зи псальхэм кьэралым и ІэнатІэмкІэ щылэ ІуэхуитІ.

ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм и махуэм «Кьэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и совет» ассоциацэм и правленэм и щІэкІэ, сэ кьыдэбгъэдэкІыу мыхьэнэзыуэ зиІэ а кьэрал гуфІэгъуэмкІэ муниципальнэ властым и лэжьакІуэ псоми сохьуэхьу.

Щэч лъэпкъ кьытесмыхьэу жысІэфынущ си лэжьэгъуэм ящыщ дэтхэнэ зыми езыр зыщыщ жылагъуэми зэрыщыту Кьэбэрдей-Балькъэрми пщэрэ щыхьэрэ зэрыщІэр. Ф» гъащІэм тэмэму зэрыхэфщыкІыр, фи эзфІэкІыр, щІэныгъэр, Іэщагъэр хузвунтІащ КьБР-м щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и ІэнатІэм сыт и Іэныкьэуэм зегъэужьыным.

Фи лэжьыгъэр сыт щыгъуи хуэунэтІауэ щрет цыхубэм я сэбэп зыхэлъхэр дэгъэкІыным, республикэм зэпІэзэрыгъэтыгъэмрэ зэгурыІуэмрэ щыгъэбыдэныным.

Си лэжьэгъу псоми политикэ жыджэрагъ яхэлъыну, ирагъажьэ Іуэху псори дэкІыну, ди Кьэбэрдей-Балькъэр ефІэкІуным хуэгъэзэ мурадхэр кьехьулІэну, мамырыгъэ, гуапагъэ, ефІэкІуэныгъэ езыхэми абыхэм я унагъуэхэми я Іэну сохьуэхьу.

ПщІэ кьыхфхуэзыщІ.
КьБР-м и Муниципальнэ щІыналъэхэм я советым и правленэм и тхьэмадэ, КьБР-м щыщ Тэрч муниципальнэ районым и администрацэм и Іэтащхьэ ПЭНАГУЭ Максим.

ДЭАСЭЖЬ Аскэр:

Ди гур зэрыдгъэфІхэри дызыгъэпІейтейхэри щыІэщ

Мы зэманым щыпІэ самоуправленэр щытщ кьэралым щекІуэкІ псэунигъэкономикэ зэхъуэжІыныгъэхэм я льабжьэу.

***ЩІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ ІэнатІэм и махуэм и пэ кьнхуэу зыхуэдгъэзащ Бахьсэн куейм щыІэ Куба кьуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Дзасэжь Аскэр. Мы кьуэлыкьым ар зэрыпэрыувэрэ куэд щІакьым, ильэситІ кьудейщ дэкІар. Ильэс 48-рэ и ныбжьщ. Кьэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым и спорт факультетыр кьнухри, и ІэщІагъэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ. ЩэнхабзэмкІэ зэхуэм и унафэщІу щытащ. Щхьэгъусэ, бынищ иІэщ.**

- **Аскэр, фи Іуэхухэр зыІутым, щыхуэхэм я псэукІэ-щыІэкІэм щхьэтечу утхутепсэльыхьамэ арат.**

- ДыхущІокъу ди пщэ кьыддэхэу кьалэнхэр гъэззэщІэн и лъэныкьуэкІэ щыхуэ эштедмыгъэхуэным. Аэр мащІэкъым, арщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхьунщи, ахъшэкІэ нэсу щІэгъэбыдакьым. Абы дрехулІэ сыт щигъуи хэкІыпІэхэр кьэтлъыхьуэным. Ди кьуажэр щыкІуакьым, щыхуэ мини 5-м щигъу щопсэу. Мыбы школитІ, сымаджэщ, сабий над, нэхъ хуэмыщІа унагъуэхэм я бынхэр пІалъэкІэ (я Іуэху зэфІэувэжьыхуэ) здэщыІэ Іуэхущ1апІэ дэтщ. Аэращ ди щыхуэхэр лэжьыгъэкІэ кьыхэзэгъэпэщыр. НэгъэщІ жылагъэ пхыдзакэмиХуэдэу, дэрэ дыкъэнэкьуэщІ щыхуэ

● ЗэлуцIэхэр



Утыкум щекIуэкIым псори дихьохат.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм теухуауэ зэхуахьсахэр.

Напэр псэм япэ

Надыжь къалэ дэт курыт школ №30-м щIэблэр гъэсэным хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ щрагъэкIуэкI. Егъэджакlуэхэр хуэщIокI щIэблэр псэкупсэу, къыдыхэкIа гъэпсыкIым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ щыгъэазэу, хабзэрэ нэмысрэ яхэлъу къызэрагъэтэджыным. Абы къыхэкIыу мы щколым щIэх-щIэхыурэ щрагъэкIуэкI ныбжьыщIэхэм я къуэхьым зэзыгъэуэкь, я творческъэ зэфIэкIым хэзыгъахьуэ зэхьыхь гъэщIэгъуэнхэр. Абыхэм ящыщ зыщ Сабанщы Сэнимэт иджыблагъэ зэхиша «Напэр псэм япэщ» зэгуцIэр.

ПщIыхьым хэтыну еджапIэм къаухеблэгъат «Горянка» газетыр къызэзыгъэпэща, илъэс кудIкIэ абы и редактор нэхъыщхьэу щыта **Сабанщы Роза**, Профсоюзхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и унафэщIу илъэс 18-кIэ лэжьа **Шыд Хьусен**, КъБКъУ-м и егъэджакIуэу **Къуэщыгысокъуэ Александрэ Хьэтыхьу Владимиррэ**, «Iуащхьэмахуэ» журналым жъуаI зыхь и секретарь **Джэрыджэ Арсен** сымэ.

- Нэхьжмэ Хьэрышъ, хэкIуэджмэ щыщIыдэм,

Адыгэр зи щIэм кьыпэщIытыр кьалэн:

Тетыху мы дунеижьым, нтми и псэ,

Сыт къэмыхъуамэ - напэр химыльхьэн.

Къалэнщ «и адэжь хуэфащэт» пхужаIэну,

«И гъэпкъ и щIыхь еэтыр- зэхэтхьэн,

Уи напэр кьабзэу адыгэгу зепхэну,

Уи щIыхь умыгъэпуду уи псэр птын.

Адыгэр щIэуэ зепхьэм урипагэу

Iэтауэ уи щхьэр гъащIэм урикIуэн.

Дунейм пэщIыкIи темыту адыгагъэм

Гъэпкъ и щэнхабзэ дахэр

бгъэбгэгъуэн.

Апхуэдэу мы зэман губжьым

зы гъагъуэ

Мыгъэщэу, гъагъуэ пэжу яубащ.

И гъэгъуэщ адыгэм ар, ижьку и вагъуэ,

КъежьапIэр напэщ, и кIэрп аращ, - а уэсэмкIэ кьыкъэIуихащ зыщIыр еджапIэм и унафэщI **Темыр Ларисэ.** - Мы уэсэ сатырхэращ занщIэу сигу кьагъэкIыжар нобэрей пшыхьым фIэщыгъэ хуэхъуа «Напэр псэм япэщ» псалъэ Iущхэм. Нобэрей пшыхьыр теухуащ ди мамыр гъащIэм и хьумакIуэ нэсу зыкъэзыгъэльэгъуахэм, хэкум кьихьа зэрыпхъуакIуэхэм кьэмылэнджэжу япэщIуэ ща1ахэм. Абыхэм щыщыгу кудым зы меданик зыщIэмыгупсысыжу и псэр щIатащ я хэкум и щхьэхунтынигъэм, я щIэблэм и кьэкIуэну дахэм. Апхуэдэ IыхьжьыкIэрпи «Напэр псэм япэщ» псалъэмкIэ зыхужаIар.

Адэкlэ утыкур хунт хуащIащ еджапIэм и гъэсэнхэм. Зэлуцlэр сэыгъэкIуэкIа еджакIуэхэу **Гъэнокъуэ Алимрэ Бзэрэгъуэ Замирэрэ** зауэ тхыдэм и гъэгуанэм драгъэпIъжащ. Етlуанэ дунеипсо зауэр лIыхьужьыгъэкIэ гъэнщIа ди тхыдэм и зы Iыхьэшхуэу зэрыщытыр кьыхагъэщIри, 1941 гъэм мэкьуауэгъэуэм и 22 махуэ щыпатыгъэр ди кьэралым щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхум и дежи гуимыкIыжу зэрыщытыр жаIащ. Ар икIи пэжщ. А махуэм щегъэжьауэ нобэр кьыздэсым илъэс 70-м щIигъу дэкIыжьыми, абы и Iуэжьыр зыльэмыIэса зы унагъуи щIэкъыпI...

- Махуэ 1418-кIэ ди зауэлIхэм лIыхьужьыгъэщхэу кьагъэлагъуэу щIэбжаащ щIыхьэм и щхьэхунтыныгъэ, ди гъащIэр хуиту, мамыру етхъэкIыным, нобэрей щIэблэр насыпыфIэу дыпсэуным, - жаIащ ныбжьыщIэхэм. - Абыхэм я фэепIь нэхур тхъумэныр дэтхэнэми ди къаIэнщ.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текIуэныгъэшхуэкIэ зэриухам Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэ хахуэхэм я гуащIэхуэр зэрыхэтым, лIыхьужьыгъэкIэ ди гъэсэныгъэ зэрыуардэр абдежкIи наIуэ къыхэзыщащIам тепсэлъыхьащ еджакIуэхэр. Ди къаxэм нкIаxэм ящыщу Совет Союзым и ЛIыхьужь хуэдэхэм я щIэхэр кьрабжэкIащ икIи абы-

ХьэщIэхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

хэм зэрахьа лIыгъэм, кьагъэлъагъуэ хахуагъэм зэрыщыгъуазэрэ наIуэ къыщIащ.

Еджакlуэхэр тепсэлъыхьащ ди республикIэм нэмыщI зэрыпхъуакIуэхэм щыгъэрахьа лейм, зауэлI 5287-м ди щIыналъэм и щхьэхунтыныгъэм я псэр зэрыщIатам. Щыгъуазэт аxэр Сталинград дежь щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм, Сальск губгъуэм ди къэралым щыпсэу лIыгъэкI зэхуэмыдэхэм кьахэжьа щIалэ куэдым я лъы хей зэрыщыжьам, а щIыпIэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм и зауэлIхэм щызэрахьа лIыхьужьыгъэм.

- Гум имыхужьынщ Сталинград дежь щекIуэкIа зауэм ди къэралым и зауэлIхэм щызэрахьа лIыхьужьыгъэр. Ди къралыщхьэм щыпсэу лъэпкъ псоми я лIыкIуэхэр хэтащ а зэхэуэ гуащIэм. Яхэтащ абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэри: ахэр 115-нэ шууей дивизэм и зауэлIхэрщ. 1942 гъэм мэкьуауэгъэм и 27... А махуэм я сэшхуэ маисэр кьихауэ Сальск губгъуэм зыщызыха Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэр Iууащ жыр танкхэмкIэ зэщIэузэда биидзэм. Щельэлъэхащ абдеж къэбэрдей, балъкъэр шууей куэд. Танкхэм кьела ди щууейхэм уафэр зыуфабгъуа нэмыщI кхъухьлъатэхэм кьрадых бомбэм ихсрафыр кьахихьлъхащ. Дауэ мыхьыми, кьриГъэкIуэтакъым ди зауэлIхэр зыIууа гуГъуехь псомэ. Жэщ-махуэ 200-кIэ ди дзэ хэмышIар Етхуанэ нэмыщI армэм пэщIэтащ. Сталинград и Iэхэлъахэм, Кьищокъуэ Алим зэрыжиIащи, Мартыновкэ деж щыкьутат 115-нэ шууей дивизэм и напыр... - зэпадзыжу кьауэтэжкIыт еджакIуэхэм Сталинград деж щаубла зауэ гуащIэр зэрекIуэкIар.

115-нэ шууей дивизэм хэта зауэлI куэдым я щIэ-унэщIэхэр кьрадуащ еджакIуэхэм, языныкъуэхэм зэрахьа лIыгъэм кIэщIу тепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщт а махуэм кьахуеблэгъа хьэщIэхэу Сабанщы Роза и адэ Къаншуэмэхэр Шыд Хьусен и адэ Ибрэхьимрэ.

Хэкум папщIэ зи псэ емыблэжахэм яхуэгъэзэа псалъэ гуапэ куэд щыжаIащ пшыхьым, абы иджырэ нэхъыбэж кьыпхуэпыщнуц, абыхэм я пщIэр лъатэщ, я щIыхьыр мыкIуэдынщ.

Зэку зауэшхуэм хэта псомэ я фэепIъу КIыщокъуэ Алимрэ ХьэIупэ Джэбрэилрэ зэдатхэ «Тельхьэ уанэр си щыМ» уэрэдыр жиIащ **Багъэтыр Астемыр.** Зауэм теухуауэ яуса «Мазэхэ жэщ», «Танкистищ» «Бахьсэнурыс уэрэд цIэрыпIуэхэр хэт зэхэзмыхар?! Аxэри щыIуащ мы пшыхьым... адыгэбзэкIэ. Иужьрей уэрэдитIым я купщIэр зыкIи яфIэмыкIуэду зэридзэкIащ егъэджакIуэ **Сабанщы Сэнимэт**. Утыкум аxэр дахэу щаIэщIауэц еджакIуэ щыкIуэу **Къуэ Лианэ, Лосэн Мурат, Кьардэн Рэмэзан, Темрокъуэ Рустам** сымэ.

НыбжьыщIэхэр гъэхуауэ кьеджащ усакIуэхэу Кьищокъуэ Алим, КIуащ Бетлан, Кьагъырмэс Борис, Бицу Анатолэ, Гъубжокъуэ Iнуан, Джэрыджэ Арсен сымэ. Хэку зауэшхуэм теухуауэ ятхаxэм. Зэкум, напэм теухуауэ ящIэ псалъэхэкIэ кьрабжэкIащ. Усэхэм, уэрэдхэм щыпхрыша гупсысэ нэхьыщхьэр еджакIуэхэм нэсу кьаэзрыгурыуэм и щыхьэтт абыхэм хуагъэхьыра тепIъэгъуэ кьрадзэкIащ.

Хэкум мамырыгъэ илъмэ, гуфIэгъуэр щытепIащэу. Адыгэм и гуфIэгъуэр зыгъэдахэр уэрэдэр кьафорэщ, хьуэхъу дахэщ. Мыбдежмэ ныбжьыщIэхэм я зыкъэгъэльэгъуэныгъэр зэхуащIыкащ **Хьуранхэ Алихьанрэ Миланэрэ** ягъэзэщIа уэркъ кьафэмкIэ, **Хьущ Аделинэрэ Кьунышъ Каринэрэ** кьыхэхуэсахэм зэрызыхуагъэза хьуэхъумкIэ.

- Нобэрей фи зэлуцIэм си гуапэу зыкърезгъэхъэIащ, - жиIащ **Сабанщы Роза.** - «НэхъыжьыкIэ зимыIэм нэхъыщIэфIи иЗнэукъым», - жеIэ зэрыпсалъэжьам. Иджьпсту утыкум ита сабийхэр яхуэфащэщ абыхэм я мамыр гъащIэм папщIэ зи псэр зыта я нэхъыжьыфIхэм. Апхуэдэ щIэблэ дыззриIэр кудкIэ зи фIыщIэр тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ящIэу аxэр кьызэрыгъэжькIи жьыкуитIыкIэ. Тхьэм адэжкIи фритъэфIакIуэ. Щалэгъуэлэр фIы щыхьунур я нэхъыжьхъэм я жьауэм щIэтмэщ, абыхэм я щапхъэм щIапIыкIмэщ.

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизэм хэтащ щIалэ 5500-рэ. Абыхэм ящыщу къэзыгъэзэжар миным щIигъурщ. Мыдрейхэм я щхьэгъэсэхэр фыгъабэу, сабийхэр адэншэу кьэнащ. Быным и IэфIыр зэхащIэну хунэхъуа я щIалэхэм. Я щIэблэм и къэкIуэну дахэм я псэр щIатащ, ауэ, нэхъыщхьэращ, я пщIэр кIуэдажьым, зэхащIыкIащ щIалэгъуэлэм абыхэм зэрахьа лIыгъэр.

Сабанщы Розэ еджапIэм и библиотекэм тыгъэ хунащIащ езым кьыдигъэкIа «Женское лицо Кабардино-Балкарии» тхыпIым щыщ зыбжанэ.

- Нобэрей ди зэхуэзэм мыхьэнэщхуэ нIэу кьызэлъытэ, - кIыпIащащ псалъэмакъым **Шыд Хьусен.** - Зи блэкIар зымыщIэм кьэкIэн зэримыIэр зыхащIу етъэджакIуэхэр я дзэкьыгъэм зэрыпэрытыр гуапэщ. Абыхэм я щIэблэм гъащIэм гъэгу пэж зэрыщыхашыжьфынум шэч кьытесхьэрыкъым. Нобэ мыбдежь щысльэгъуахэм си адэм сыхуэза зэхуэзу си нэгу кьыщIагъэуващ. Сэ сыцIыкIыт ар зауэм щыIухьам, пэжыр жыIпIэмэ, фIыуэ сщIэжьыркъым. Ар къэгъэнащэ щIалэ курыт Аслъэни куэдымкIи сэбэп хуэну хущIыкъурт. Псом нэхъыщхьэ цIыкIум нэхъ и кIуапIэр жэмэщIырт. Абы щIэт шкIэ цIыкIумрэ фIыуэ зызыужьа танэмрэ мыувыIэу шхалъэм шэ ищIахэр куэд дыдэ мэхъу. Щыхъгъэр псом я IыабжьэкI зэхуэмыIэу, мы пщащэ щхьэгъэсэу я щIыпIэ и щIыхьэ кIуэпIкIэ уеплъмэ, и щалищ - Iэнэ гъащIэм гъэгу пэж зэрыщыхашыжьфынум шэч кьытесхьэрыкъым. Нобэ мыбдежь щысльэгъуахэм си адэм сыхуэза зэхуэзу си нэгу кьыщIагъэуващ. Сэ сыцIыкIыт ар зауэм щыIухьам, пэжыр жыIпIэмэ, фIыуэ сщIэжьыркъым. Сэ схуэдэу зауэ гущIэгъунщэм адэнэдыгъэбзэкIэ. Иужьрей уэрэдитIым я купщIэр зыкIи яфIэмыкIуэду зэридзэкIащ егъэджакIуэ **Сабанщы Сэнимэт**. Утыкум аxэр дахэу щаIэщIауэц еджакIуэ щыкIуэу **Къуэ Лианэ, Лосэн Мурат, Кьардэн Рэмэзан, Темрокъуэ Рустам** сымэ.

НыбжьыщIэхэр гъэхуауэ кьеджащ усакIуэхэу Кьищокъуэ Алим, КIуащ Бетлан, Кьагъырмэс Борис, Бицу Ана-

Еджакlуэхэр усэ кьоджэ.

(КIэлыкIуэр. ПэщIэдзэр №70-м итщ).

- Мамэ, сытым укьыхэщIыкIа уэ?! Дауэ сыпшынысжыну бын гъэнхьыкIыжу къыстехуар? – Алим щыжиIэм:

- Зы мэскьал си гуэныхьу птелькьым, си щIалэ. Мы дунейм фIыгъуэу щызиIар уэ зы закъуэрщ. Адэ-анэ гулъыпIи, ащхьэкIэ зэрыпикъуэгъуэ, щхьэгъуэ тынши сиIакъым. Алихьышхуэм кьызита гъащIэмкIэ сыарэзыщ. Гукъеуэзу уиIэр си пащхьэ кьыни, кIуэж уи пэшым. Сэ зыгуэрурэ зэрыгъэхьуэжынщ а кьыхсущIэбнэ IуэхуэгъуэхэР, псори тэмэм хьужьынщ. УкьыщIыгъэпца зэгуэрым кьэхъуа, си щIалэ? Нобэ адрей псэхэм я лейуэ укьызогъэгуГэ, сыт хуэдэ Iэмал хэсльхьами, уи унагъуэр зэрызгъэбыдэжьын яужь ситыну. Апхуэмыдэ куэд ешэчыф щIыхум, аращ щIыхуфэр быдзащ щIыжаIэр.

Хужьпагуэ иджырэ зэ бы-дэу Iэплъэ и кьуэм хуищIащ, щIигъэкIыжьри сабийхэм еджащ.

Алим и анэм деж щыщIыхьам и псэм тельа хьэлъэр, пэж дыдэу, пэшым кьыщIиначи ярейт. Унэшхуэм щIыхьэжри, щэждагъуэжей зыщ и щхьэгъуэсэм зэмэнIи щхьэщыгуп. А тIум я кум Iэфlрэ дахэу дзэльахэр а дакьикьэм и нэгу кьыщIигъэхьэжри, щхьэгъуэсэм и щхьэм щабэу Iэ дильащ. Симэ ар зыхэщIащикIи псынщIэу кьызэфIэтIыскъащ.

